



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM
RAYISANS LAN POU LI EDE NAN ANKÈT SOU ATAK VYOLAN KONT YON
GASON AMERIKEN AZYATIK NAN METWO VIL NEW YORK LA**

"Mwen santi mwen konstène pou mwen aprann ke yo te bat epi blese avèk britalite yon gason ameriken azyatik ki te ap vwayaje nan metwo Vil New York la. Zak vyolans detestab sa yo pa gen okenn plas nan New York - pwen final.

Diskou malavize ki te vilipande ameriken azyatik yo nan tout pandemi sa a danjere anpil, epi kounye a nou ap wè pi plis konsekans ki bay doulè nan reyalite a. Li revòltan epi mwen vle pou chak Nouyòkè ki idantifye li kòm manm kominote ameriken azyatik la konnen sa: nan Eta sa a nou pa sèlman kondane diskou detestab yo, men nou kanpe avèk ou paske nou tout se yon fanmi, ki ini kont rayisans.

Mwen ap bay enstriksyon ak Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans nan Lapolis Eta New York (New York State Police Hate Crimes Task Force) la pou li ofri asistans li nan ankèt sou atak vyolan sa a".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)